QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

**RESPUBLIKA «BARKAMOL AVLOD» BOLALAR MAKTABI**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**RESPUBLIKALÍQ «BÁRKAMAL ÁWLAD» BALALAR MEKTEBI**

Nókis q. A.Utepov k. №31 jay, Tel. (8-361) 224-67-39, факс: (8-361) 224-74-79
**web-site:** http://qrbarkamolavlod.zn.uz, **e-mail:** bamqoraqalpogiston@xtv.uz

**«14» июнь 2021-жыл** **№ 01-165**

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине**

**Нусқасы:** **Нөкис қаласы Гүлленген көшеси, 19-жайда жасаўшы пуқара А.Убайдуллаевқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы Республикалық "Бәркамал әўлад" балалар мектеби Сизге, төмендегилерди мәлим етип билдиреди.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 11-июньдағы "2021-жылда оқыўшы жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде 5 әҳмийетли басламаны әмелге асырыў бойынша өткерилетуғын көрик-таңлаў, фестивал ҳәм спорт жарысларының режелерин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 147-санлы буйрығының 1-қосымшасына муўапық усы жылдың 29-июнь күни Республикалық "Бәркамал әўлад" балалар мектебинде "Дөретиўши балалар" фестивалының Қарақалпақстан Республикалық басқышы өткерилди.

Фестивалда оқыўшылар 6 бағдар бойынша өз өнерлери менен қатнасып, төрешилер тәрепинен мүнәсип ҳәм әдилана баҳаланып барылды.

Азатбек Убайдуллаев усы фестивалдың "Ландшафт дизайни" бағдары бойынша қатнасып, төрешилер тәрепинен V (бесинши) орынға мүнәсип деп табылған. А.Убайдуллаевтың дөгерек басшысы А.Убайдуллаева фестивал даўамында өз наразышылығын билдирген. Билдирилген наразышылық бойынша Министрлик тәрепинен бекитилген арнаўлы комиссия қурамы ҳәм төреши тәрепинен бул мәселе көрип шығылып, өз мүнәсибетлерин ҳәм қойылған баҳалар бойынша түсиник берип өтти.

А.Убайдуллаев өз шағым хатында фестивал таңлаўды қайтадан өткериўин сораған мүрәжәәти бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиремиз.

Фестивал шәртлери ҳәм нызамы бойынша фестивалды қайта өткериў нәзерде тутылмағанлығын билдиремиз.

**Республикалық "Бәркамал әўлад" балалар мектеби директоры** **Т.Нажимов**